

1ye avril 2020

Chè Plan Sante:

Mwen ekri ou lèt sa a konsènan règ pou peman prim ak peryòd gras pandan kriz sante piblik COVID-19 la pou pwogram NY State of Health yo: Essential Plan, Child Health Plus, ak Qualified Health Plans. Règ sa yo pa konsène pwogram Medicaid la paske moun sa yo pa peye okenn prim. Objektif NY State of Health pandan ijans COVID-19 se pou jwenn moun ki pa gen asire epi kenbe moun ki deja enskri yo, nan tout mezi posib.

Essential Plan

Plan sante yo dwe evite retire manm yo paske yo pa peye kontribisyon prim \$20 chak mwa pou pwogram Essential Plan jiskake yo resevwa lòt avi nan men Depatman an, epi yo pral ba yo avi sa a avan oswa lè eta dijans pou dezaz yo te deklare ak Dekrè Egzekitif Nimewo 2020 a ekspire. Prim Essential Plan yo aplikab pou kay ki ant 150 ak 200 pousan Nivo Povrete Federal (FPL), ki se EP 1 (NY SSL § 369-gg (5) (a) (i)). Plan sante yo ta dwe kontinye eseye kolekte kontribisyon prim yo chak mwa men si yo pa resevwa peman an, yo dwe kenbe manm yo enskri epi yo dwe kontinye bay nenpòt sèvis ki garanti yo pandan peryòd sa a. Eta a ap kontinye ranbouse plan yo pou pòsyon Eta/Administrasyon Federal la gen pou peye nan prim nan.

Pandan plan yo pa oblije bay yon peryòd gras pou manm Essential Plan + Vizyon ak Dan yo pou pòsyon prim Vizyon + Dan, plan sante yo ka pwolonje peryòd gras la selon jijman yo. Nou ankouraje plan sante yo bay fperyòd gras sa a pou fanmi ki gen difikilte ekonomik pandan moman difisil sa a.

Child Health Plus

Moun ki jwenn sibvansyon yo

Jan sa te etabli nan korespondans nou te resevwa 31 mas 2020 nan men Gabrielle Armenia a, plan sante yo ta dwe evite anile enskripsyon pou timoun ki pa peye kontribisyon prim chak mwa yo pou pwogram CHPlus la pandan peryòd ijans lan. Plan sante yo ta dwe kontinye eseye kolekte kontribisyon prim fanmi yo chak mwa men si yo pa resevwa peman an, yo dwe kenbe timoun yo enskri epi yo dwe kontinye bay nenpòt sèvis ki garanti yo pandan peryòd sa a. Eta a ap kontinye ranbouse plan yo pou pòsyon Eta/Administrasyon Federal gen pou peye nan prim nan.

Moun ki gen pou peye tout montan prim la

Menmsi plan yo pa oblije bay timoun ki nan kategori pemam konplè yo yon peryòd gras, nou dwe respekte rekòmandasyon Depatman Sèvis Finansyè Eta New York la mande pou gwoup moun sa yo. Nou ankouraje plan sante yo bay peryòd gras sa a pou fanmi ki gen difikilte ekonomik pandan moman difisil sa a.

Qualified Health Plans

Moun ki gen kredi nan taks pou prim yo

Konfòmman ak rekòmandasyon Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid te bay nan dat 24 mas 2020, [Fleksibilite pou Peman ak Peryòd Gras ki Asosye ak Ijans Nasyonal COVID-19 la](#), asirans Qualified Health Plan yo dwe pwolonje delè peman yo pou peman prim chak mwa pou 30 jou pou manm ki resevwa kredi nan taks pou prim yo. Jan sa endike nan CMS, lè yo pwolonje dat limit pou peman, gen yon reta nan kòmansman peryòd gras la. Konpayi asirans yo dwe kontinye peye reklamasyon yo jiska peryòd pwolongasyon sa a epi CMS te endike li pral kontinye peye prim kredi nan taks yo. Lè peryòd gras twa (3) mwa a kòmansse, règ pou peryòd sa a aplikab [45 CFR 156.270 (d)], ki vle di konpayi asirans yo dwe peye tout reklamasyon ki apwopriye pou sèvis pandan premye mwa a epi yo ka mete reklamasyon nan dezyèm lan ak twazyèm mwa yo ann atant. Si peryòd twa mwa (3) a fini san peman, y ap voye tounen kredi nan taks ou te resevwa nan dezyèm mwa ak twazyèm mwa nan peryòd gras yo.

Pa egzanp, yon konpayi asirans ki pwolonje dat limit pou peman pou pwoteksyon mwa avril la de 1ye avril a 1ye me. Si yon kliyan ta abitye peye prim li epi li pa peye prim pou mwa avril la, li p ap antre nan peryòd gras la paske li poko an reta. Reklamasyon ak kredi taks federal yo peye pou mwa pwolongasyon an (avril). Si li kontinye pa peye prim ki an reta yo, li t ap antre nan yon peryòd gras nan mwa me epi yo t ap koupe li nan 31 me. Jan li fèt kounye a, konpayi asirans yo ap peye reklamasyon ki apwopriye pou sèvis pandan premye mwa peryòd gras la (me) epi yo ka mete reklamasyon nan dezyèm ak twazyèm mwa yo ann atant (jen ak jiyè). Founisè yo t ap resevwa avi ki di yo p ap peye reklamasyon mwa jen ak jiyè yo. Konpayi asirans yo t ap resevwa prim kredi nan taks pou avril ak me, epi si yo te koupe asirans kliyan an apatide 31 me, konpayi asirans la ap remèt kredi nan taks mwa jen ak jiyè yo.

Moun ki gen pou peye tout montan prim la

Menmsi plan yo pa oblije bay manm ki nan kategori peman tout montan an nèt yo yon peryòd gras, nou dwe respekte rekòmandasyon Depatman Sèvis Finansyè Eta New York la mande pou gwoup moun sa yo. Nou ankouraje plan sante yo bay peryòd gras sa a pou fanmi ki gen difikilte ekonomik pandan moman difisil sa a.

Lwa sou Asirans Eta New York entèdi diskriminasyon enjis kont moun ki nan menm kategori (Lwa Asirans New York 4224 (b)). Si yo ofri fleksibilite peryòd gras pandan peryòd ijans COVID-19 la, yo dwe ofri li egalego pou tout manm ki nan menm kategori a (sètadi, manm Qualified Health Plan ki kalifye pou kredi nan taks, oswa tout manm Qualified Health Plan, tout manm CHPlus ki sibvansyone oswa tout manm CHPlus yo.



Kominikasyon konpayi asirans yo bay manm Qualifed Health Plan, manm CHPlus prim konplè ak manm Qualified Health Plan kredi nan taks yo dwe mete klè si yon manm pa peye yon prim ki anreta ak peryòd gras yo bay li a epi yo koupe asirans li, l ap responsab pou reklamasyon nan men pwofesyonèl swen sante yo. Anplisdesa, yo dwe raple manm yo pou yo mete aplikasyon yo ajou ak NY State of Health, sigen yon chanjman nan sikonstans ki ka fè yo kalifye pou pwoteksyon sibvansyone nan yon nivo kontribisyon prim ki pi ba oswa ki ka kalifye pou pwoteksyon ki sibvansyone nèt. Asistan plan sante yo ta dwe ede fanmi yo ak pwosesis sa a, si sa nesèsè.

Tanpri pa ezite kontakte mwen nan donna.frescatore@health.ny.gov, Danielle Holahan (212-417-4991 oswa danielle.holahan@health.ny.gov), Margaret Middleton (518-473-9635 oswa Margaret.middleton@health.ny.gov), Gabrielle Ameni (518-473-0566 oswa gabrielle.armenia@health.ny.gov), oswa manadjè kontra ou a, si ou gen nenpòt kesyon anplis konsènan zafè sa a.

Ak tout kè mwen,

Donna Frescatore
Direktè Egzekitif, NY State of Health
ak
New York State Medicaid Director